

Pwogram Medikaman Jenerik Medicaid Eta Nouyòk

YON GID POU MOUN KI GEN
MEDICAID AK FAMILY HEALTH PLUS



Kisa Pwogram Medikaman Jenerik lan ye?

Lalwa mande pou doktè preskri yon medikaman nan vèsyon jenerik li, sof si yo gen apwobasyon espesyal pou yo itilize yon medikaman non komèsyal.

Kisa yon medikaman jenerik ye?

Yon medikaman jenerik se kopi yon medikaman non komèsyal. Se menm medikaman an, ak menm engredyan aktif yo tankou medikaman non komèsyal la, men anjeneral se yon lòt konpanyi ki fè li.

Èske medikaman jenerik lan bon menm jan ak medikaman non komèsyal la?

Wi. Gouvènman federal la verifye ke medikaman jenerik la san danje e efikas tankou medikaman non komèsyal la. (Ou gendwa deja ap pran medikaman jenerik yo).

E si m ap pran yon medikaman non komèsyal ki gen yon vèsyon jenerik?

Medicaid p ap peye pou medikaman non komèsyal ou an sof si doktè w rele Medicaid pou jwenn apwobasyon l, epi li ekri nimewo apwobasyon an sou preskripsyon w.

Ou bezwen asistans?
Rele liy Sèvis Asistans Medicaid la nan:

1-800-541-2831



Pa blyie:

- Se doktè ou sèlman ki ka deside ki medikaman ou dwe pran.
- Medikaman jenerik yo se kopi medikaman non komèsyal yo, yo san danje, yo efikas, epi yo gen apwobasyon gouvènman federal la.
- Poze doktè ou oswa famasyen ou kesyon sou medikaman jenerik yo.

E si doktè mwen an blyie pran apwobasyon pou medikaman non komèsyal mwen an?

Famasyen an ka rele doktè w pou mande l si medikaman jenerik lan bon pou ou.

E si mwen bezwen medikaman mwen epi klinik doktè a fèmen?

Si gen ijans, epi si ou gen yon preskripsiyan valab, famasyen an ka ba ou yon ti kantite medikaman non komèsyal la jiskaske ou ka pale ak yon moun nan biwo oswa klinik doktè ou an.

Poukisa gress mwen yo gen yon koulè ki pa menm ak sa yo abitye genyen an?

Medikaman jenerik yo ka sanble differan paske se yon lòt konpanyi ki fè yo. Yo gendwa gen koulè oswa fòm differan, men yo san danje e efikas tankou medikaman non komèsyal yo.



Departman Sante
Eta Nouyòk

Haitian Creole